

ASISTANS POU ENÈJI LAKAY

# ASISTANS POU GAZ ABCD

PWOGRAM NAN LA SOTI NOVANM 2024 – AVRIL 2025

## POU PWOPRIYETÈ KAY AK LOKATÈ



**Nou ka ede ou ak fanmi ou rete an sekirite epi chofe, lè nou ede ak bòdwo chofaj ou — lwil, gaz, elektrisite ak lòt opsyon.**

- Si ou kalifye, nou ka ede w peye bòdwo gaz ou sezon fredri sa a. Vizite [bostonabcd.org/heat](https://bostonabcd.org/heat) pou w wè dènye kantite asistans maksimòm lan.
- Si w PA abite nan lojman leta oswa federal sibvansyone, ou ka elijib pou asistans pa sèlmanak bòdwo chofaj men tou ak lwaye si chofaj la enkli ladan li.
- Tcheke tablo a pou wè si revni anyèl ou tonbe nan nivo ki endike a oswa pi ba pase.
- Si w kalifye pou asistans pou gaz ABCD a, nou ede w peye bòdwo chofaj sezon fredri w lè w ap travay dirèkteman ak founisè yo, epi w ka pwofite anpil lòt sèvis gratis.
- **ENPÒTAN:** Si ou te aplike pou Asistans Gaz nan sezon fredri pase a, ou dwe retounen aplikasyon yo te voye ba ou a pa lapòs pou resevwa asistans ane sa a.

*Pwogram finansman federal sa a sèvi rezidan ki gen revni, granmoun aje ak andikape nan plizyè milye kay chak ane.*

GID ELEJIBILITE YO: 2024-2025 ASISTANS GAZ	
KANTITE MOUN KI NAN KAY LA	TOTAL REVNI BRIT PA ANE
1	\$49,196
2	\$64,333
3	\$79,470
4	\$94,608
5	\$109,745
6	\$124,882
7	\$127,720
8	\$130,559
Plis pase 8*	*GADE ANPLWAYE ASISTANS POU GAZ ABCD

## APLIKE JODI A!

**Moun ki rete nan Boston, Brookline, ak Newton** ka kontakte Asistans pou gaz ABCD a nan:  
178 Tremont Street, Boston, MA.  
Rele nou nan 617.357.6012  
TTY: 617.423.9215

**Moun ki rete nan Everett, Malden, Medford, Melrose, Stoneham, Winchester, ak Woburn** ka kontakte Asistans pou gaz ABCD a nan:  
18 Dartmouth Street, Malden MA.  
Rele nou nan 781.322.6284

**Oswa pran yon randevou nan lokal ABCD ki pi pre w ki endike sou do a**